

**MAKNA SIMBOLIK BATHIK SAJI PACITAN MOTIF PACE SAHA GAYUTIPUN  
KALIYAN MULA BUKANIPUN KITHA PACITAN**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dinunaiengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Satunggaling Sarat  
*Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan*



dening:

Shiane Artha Juwita  
NIM. 14205241045

Yogyakarta, April 2018

Pembimbing,



Sri Harti Widvastuti, M. Hum  
NIP. 196210081988032001

Yogyakarta, April 2018

Ketua Jurusan



Prof. Dr. Suwardi, M. Hum  
NIP. 196404031990011004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## MAKNA SIMBOLIK BATHIK SAJI PACITAN MOTIF PACE SAHA GAYUTIPUN KALIYAN MULA BUKANIPUN KITHA PACITAN

### THE SYMBOLIC MEANING OF MOTIF MENGGUDU BATHIK SAJI PACITAN RELATED TO THE HISTORY OF PACITAN CITY

Dening: Shiane Artha Juwita, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta [arthajuwita@gmail.com](mailto:arthajuwita@gmail.com)

#### Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *makna simbolik* bathik *khas* kitha Pacitan *motif* pace ingkang wonten gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan, mula bukanipun bathik Saji Pacitan, mula bukanipun kitha Pacitan saha *makna simbolik* bathik *motif* pace.

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif kualitatif*. Caranipun ngempalaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *observasi berperanserta*, *wawancara mendalam*, saha *dokumentasi*. Pirantos kangge panaliten menika *human instrumen*. Caranipun *analisis data* inggih menika ngginakaken *teknik analisis data induktif*. Cara ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *teknik triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*, ingkang dipuntindakaken kanthi cara nandhingaken *data* asiling panaliten saha *data* nalika *wawancara*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Mula bukanipun Bathik Saji Pacitan menika saking Bu Saji ingkang sampun mbikak *usaha* menika saking taun 1990, Bu Saji saged mbathik amargi menika dados *usaha* kulawarga. Bathik Saji Pacitan sampun misuwur awit saking sampun *mengikuti pameran* wonten kitha sanes. Tiyang ingkang plesir dhateng kitha Pacitan ugi kathah ingkang pinarak dhateng Bathik Saji. (2) Mula bukanipun kitha Pacitan menika awit saking Tumenggung Setroketipo kaliyan Pangeran Mangkubumi ingkang nisir bibar perang dhateng kitha Pacitan. Nalika sayah Pangeran Mangkubumi nyuwun rucuh pace ingkang dipunasta kaliyan Tumenggung Setroketipo, ingkang salajengipun badanipun Pangeran Mangkubumi seger malih saha saged nerasaken perang, wonten paprangan menika Pangeran Mangkubumi menang. Kangge wujud sukur Pangeran Mangkubumi utawi Sultan Hamengkubuwana I ndadosaken Tumenggung Setroketipo Bupati ing kitha Pacitan, Pacitan menika cekakan saking tembung Pace saha Wetan. (3) *Makna simbolik* bathik *motif* pace menika kangge ngemutaken tiyang mliginipun masarakat kitha Pacitan bilih wonten *sejarah* ing salebeting *motif*, *motif* menika dipundamel saking taun 2011 dening Bu Saji. (4) Gayutipun bathik *motif* pace kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan inggih menika saking wontenipun *sejarah* kitha Pacitan saking woh pace, dipundamel bathik kanthi *motif* woh pace kangge njagi kabudayan bathik saha *sejarah* kitha Pacitan.

Pamijining tembung : *Makna simbolik. Motif Pace. Mula Bukanipun Kitha Pacitan*

#### Abstract

This research aims to define the symbolic meaning of *motif buah mengkudu bathik Saji Pacitan* which has a tight relation with the history of Pacitan city.

This research uses qualitative-descriptive approach method. The data collection techniques of this research have done by observations, in-depth interviews, and documentations. Tools are used for collecting the data are books, pens, cameras, and a recorder. Then, for the data analysis technique, this study uses inductive technique. Therefore, the data

validity of this study uses source and method triangulations technique by comparing the data of research result and the data when doing the interviews.

The result of this research are: (1) *Bathik Saji Pacitan* history originated from the owner, Bu Saji, who had opened the business since 1990, Bu Saji makes bathik because it has become her expertise which has passed down by his parents and also a family business. *Bathik Saji Pacitan* is well-known for its frequent exhibitions in other cities. The tourists who come to the city of Pacitan like to stop by to buy *bathik Saji Pacitan*. (2) The history of Pacitan originated from Tumenggung Setroketipo and Pangeran Mangkubumi who lost the war and stopped in the city of Pacitan (now). While resting Pangeran Mangkubumi asks *rucuh mengkudu* that is brought by Tumenggung Setroketipo. After drinking and eating the fruits, Pangeran Mangkubumi feels better again and continues the war. Finally Pangeran Mangkubumi or Sultan Hamengkubuwono I could win the war, then he decided to make Tumenggung Setroketipo become *Bupati* of Pacitan city as a reward. Pacitan itself is a shortening from *mengkudu* and *wetan*. (3) The symbolic meaning of *bathik motif mengkudu* is to remind the people of the Pacitan city toward their history. The motif of the is made in 2011 by Bu Saji. (4) The relationship between *bathik motif mengkudu* with the Pacitan city is the history behind it. So, *bathik motif mengkudu* is made to maintain the culture of bathik and the history of the Pacitan city.

*Keywords: symbolic meaning, motif mengkudu, history of Pacitan city*

## A. PURWAKA

Kabudayan ingkang adiluhung menika boten saged uwal saking pagesanganipun manungsa. Jinis kabudayan menika wonten kathah, inggih menika tari, kethoprak, upacara adat, busana lan sapanunggalanipun. Bathik ugi kalebet salah satunggaling perangan saking kabudayan ingkang dados wujud *ekspresi* saking tiyang ingkang ndamel. Samenika, bathik ugi dados *identitas* negari Indonesia ingkang gadhah *nilai* budaya awit saking bathik asli kabudayan saking negari Indonesia ingkang sampun *menyebar* ing *daerah-daerah*. Bathik sampun dados perangan ing busana ingkang wigatos, awit sampun misuwur dugi negara manca. Ananging, wonten negarinipun piyambak

bathik ugi tansah dipunuri-uri. Mliginipun ing kitha Pacitan, bathik dados satunggaling perangan kangge nglestantunaken kabudayan saha *sejarah*. *Ciri khas* bathik saking kitha Pacitan menika *motif*-ipun pace. Bathik ingkang *motif*-ipun woh pace, dados *ikon* saking kitha Pacitan. Woh pace menika dados cikal bakal mula bukanipun kitha Pacitan, ingkang rikala semanten wonten gayutipun kaliyan Tumenggung Setroketipo sarta Sultan Hamengkubuwono I. Salah satunggal *home industri* bathik ing kitha Pacitan ingkang damel bathik pace inggih menika Bathik Saji Pacitan. Bathik Saji Pacitan sampun madeg saking taun 1990 dumugi samenika, ingkang gadhah Bathik Saji Pacitan menika Bu Saji sarta

garwanipun ingkang dipun-*kelola* sareng kaliyan putranipun.

Adhedhasar saking andharan-andharan prakawis wonten ing undheraning prakawis, panaliti matesi, panaliten menika supados panaliten kalampahan langkung *fokus* saha ancasing panaliten menika saged kalampahan kanthi sae. Pramila panaliti matesi prakawis ingkang badhe dipuntliti, watesaning prakawis kaandharaken kanthi :

1. Mula bukanipun kitha Pacitan.
2. Mula Bukanipun Bathik Saji Pacitan.
3. *Makna simbolik* bathik Saji Pacitan.
4. Gayutipun bathik Saji Pacitan *motif* pace kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan.

## B. GEGARAN TEORI

Miturut pamanggih The Liang Gie (wonten Herusatoto 2003: 10) ngandharaken bilih *simbol* inggih menika tandha ingkang dipundamel saha boten arupi tetembungan kangge makili satunggaling perangan, ananging *simbol* inggih menika satunggaling perangan utawi kadadosan ingkang saged *menuntun pemahaman* subjek dhumateng *objek* ingkang *menunjuk* dhumateng satunggaling *benda*, kadadosan utawi tindak-tanduk.

*Simbolik* miturut Herusatoto (2003: 10) inggih menika tembung *simbol* asalipun saking Yunani ingkang tegesipun tandha utawi *ciri* ingkang saged dipunmangretosi

tiyang. Miturut Dillistone (wonten Saidi 2008: 29) ngandharaken bilih *fungsi simbol* inggih menika kangge *objek* utawi perangan-perangan ingkang *konkret* kanthi bab ingkang *abstrak* saha langkung saking menapa ingkang boten katingal, inggih menika perangan ingkang dipun-*nilai*, *makna*, kapitadosan, saha perangan-perangan sanes ingkang langkung inggil utawi langkung ageng. Tandha menika *mencakup* menapa ingkang dipunpenggalih utawi *makna*, tandha, sarta *objek* ingkang nyata menapa boten nyata. Menawi kabudayan dipuntingali saking *sistem* tandha, pramila *sistem* tandha ginanipun kangge mangretosi tatanan pagesanganipun masarakat (Rahyono, 2009: 94).

Miturut Handoyo (2008: 3) bathik wonten basa Jawi saking tembung *thik* ingkang gadhah teges gayutipun kaliyan pakaryan ingkang alus, lembut, alit ingkang ngewrat kaendahan. Kanthi cara *etimologis*, tegesipun nithikaken malam ingkang wonten canthing satemah mbentuk *corak* ingkang peranganipun wonten titik saha garis. Miturut Karmila (2010: 9) bathik inggih menika satunggaling kagiyatan ingkang dipunwiwiti saking *nggambar* satunggaling bentuk kados ta *ragam hias* ing *kain* kanthi ngginakaken lilin bathik (malam), salajengipun dipunlajengaken kanthi dipunwarni. Ananging miturut Prasetyo (2010: 1) bathik inggih menika salah satunggaling cara

kangge ndamel bahan ageman. Cara kangge mbathik inggih menika wonten kalih inggih menika kanthi cata tulis saha cap.

### C. CARA PANALITEN

Jinis panaliten menika ngginakaken *pendekatan deskriptif kualitatif* ingkang gadhah ancas kangge mangretosi *fenomena* bab menapa kemawon ingkang dipunlampahi dening subjek panaliten, *persepsi, motivasi*, saha tindak-tanduk (Moloeng, 2010:8). Fokus saking panaliten inggih menika perangan-perangan ingkang ngewrat bab *makna simbolik* wonten bathik Saji Pacitan saha gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan saha kados pundi kadadosan saking kitha Pacitan saha kadospundi asal mula nama Pacitan ingkang dipunmangretosi masarakat ing samenika.

Sumber *data* panaliten menika bathik Saji Pacitan ingkang asli dipundamel tiyang Pacitan, inggih menika Bu Saji utamanipun *motif* bathik Saji woh pace. Sumber *data* sanesipun inggih menika petilasan Tumenggung Setroketipo saha *ziarah* dhateng pasareyanipun Tumenggung Setroketipo. Caranipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *observasi berperan serta, wawancara mendalam*, saha *dokumentasi*.

Miturut Margono lumantar Zuriah (2007: 173) *observasi* inggih menika minangka *pengamatan* saha kanthi nyathet kanthi *sistematis* dhumateng menapa ingkang katingal wonten *objek* panaliten. *Observasi* dipunlampahi kanthi cara *mengamati objek* langsung bab makna simbolik bathik saji Pacitan saha gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan. *Wawancara mendalam* inggih menika pacelathon ingkang wosipun *informasi* kanthi ancas tartamtu antawisipun tiyang ingkang dados *pewawancara* dhumateng narasumber (Moloeng, 2010: 186). Saderengipun *wawancara mendalam*, nyamektakaken pitakenan-pitakenan supados nalika nglampahi *wawancara mendalam* menika saged *sistematis* saha saged pikantuk *data* ingkang *akurat*. *Teknik dokumentasi* inggih menika *teknik* ngempalaken *data* ingkang boten langsung dipuntedahaken dhumateng *subjek* panaliten (Soehartono, 2002: 70). Wonten *teknik dokumentasi* menika, dipunlampahi kanthi ndamel cathetan utawi *cuplikan* ingkang sampun *sistematis* saha cetha satemah saged dipunmangretosi tiyang kathah.

*Instrumen* panaliten inggih menika pirantos kangge wawan pirembagan, *pengamatan*, utawi *daftar* wawan pirembagan ingkang sampun dipunsamektakaken kangge pados *informasi* saking *responden* utawi

*narasumber* (Gulo, 2002: 123). Tegesipun bilih panaliti ingkang nglampahi panaliten utawi kanthi pambiyantu narasumber dados pirantos kangge ngempalaken *data* ingkang utami, lampah menika dipunsebut *human instrument*.

Cara nganalisis *data* ngginakaken lampah *induktif*, miturut Endraswara (2006: 30) *induktif* menika *penalaran* wonten ing panaliten. Ancasipun *analisis data induktif* inggih menika supados langkung cetha kangge maringi *informasi* ingkang mlebet, lampahipun wonten kalih inggih menika *unitisasi* saha *kategorisasi*.

Cara ngesahaken *data* ngginakaken *teknik triangulasi*, kita saged ngecek malih kaleresan utawi kapitadosan saking perangan *informasi* ingkang dipunpanggiaken saha ndamel *transkrip* saking asiling wawancara kaliyan *informan*. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Sugiyono (2010: 274) ngandharaken bilih *triangulasi sumber* kangge *menguji kredibilitas data* ingkang dipunlampahi kanthi cara ngecek malih *data* ingkang pikantuk saking saperangan sumber. Miturut Patton (lumantar Moleong, 2005: 331) *triangulasi metode* wonten 2 *strategi* inggih menika (1) ngecek malih drajat kapitadosan saking asiling panaliten ngginakaken mapinten-pinten

*teknik* kangge ngempalaken *data* saha (2) ngecek drajat kapitadosan saking *sumber data* kanthi ngginakaken *metode* ingkang sami.

## D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

### 1. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika ngandharaken *makna simbolik* bathik *motif* pace saking kitha Pacitan mliginipun ingkang dipundamel dening Bathik Saji Pacitan. Bathik kanthi *motif* pace gadhah *makna simbolik* awit woh pace menika minangka *simbol* saking kadadosanipun kitha Pacitan. Bu Saji ingkang damel bathik *motif* pace kanthi mandhat saking Bapak Bupati, awit saking panjenenganipun gadhah pangajab kangge nguriuri kabudayan Jawi sarta njagi *sejarah* kitha Pacitan kanthi awujud bathik. *Motif* menika sampun dipundamel saking taun 2011. Masarakat kitha Pacitan nampi bathik menika kanthi ngagem bathik *motif* pace kangge ageman utawi pirantos ingkang sanes.

### 2. Pirembagan

#### a. Mula Bukanipun Kitha Pacitan

Mula bukanipun kitha Pacitan dipunwiwiti saking perang Palihan Nagari nglawan Walandi, Pangeran Mangkubumi keplajeng dumugi alas wetan Baturetno. Wonten papan menika dayanipun sampun telas. Pangeran Mangkubumi nyuwun dhateng Ki Setroketipo rucuh pace. Sanalika Pangeran

Mangkubumi sehat malih. Pangeran Mangkubumi lajeng nyuwun pambiyantu saking kitha sanes kangge perang nglawan Walandi malih. Ing paprangan menika Pangeran Mangkubumi menang. Sasampunipun setunggal taun Sultan mengeti anggenipun menang paprangan, ing adicara menika Sultan maringi bebungah marang tiyang ingkang sampun biyantu arupi dipunangkat jabatanipun, ananging Ki Setroketipo boten dipunparingi bebungah. Mlebet taun kaping tiga Ki Setroketipo *berontak* dhateng Sultan. Sultan ingkang boten remen badhe ngukum tiyang ingkang *berontak* kanthi ukuman *penggal*. Dugi titi mangsanipun Ki Setroketipo, panjenenganipun nyuwun rucuh pace ingkang dipunwadhahi bathok klapa. Sauntawis Sultan kemutan, saha gadhah raos getun. Ngengingi prakawis menika Sultan maringi bebungah kangge Ki Setroketipo arupi dados Bupati Pacitan saha garwa selir Nimas Ayu Nitisari. Nama Pacitan dipundamel saking kalih tembung inggih menika tembung “pace” saha “wetan”, dados tembung pacetan ewah dados “Pacitan”.

#### **b. Mula Bukanipun Bathik Saji Pacitan**

Bathik Saji Pacitan inggih menika salah satunggaling *home industri* bathik ingkang wonten kitha Pacitan, sampun madeg saking taun 1990 dumugi samenika. Bu Saji sampun mbathik kirang langkung

28 taun, saha sampun gadhah langkung saking 50 *pegawai*, sedaya *pegawai* menika saking masarakat desa Sukoharjo satemah saged mbikak *lapangan pekerjaan* ingkang migunani sanget. Bu Saji ugi saged nerasaken *usaha* mbathik menika, samenika *usaha* bathik menika ugi dipunsengkuyung kaliyan putra-putrinipun Bu Saji. Bathik Saji kathah-kathahipun damel bathik kanthi *motif* woh pace.

#### **c. Pemakai Bathik Saji Pacitan Mliginipun Motif Pace**

Tiyang ingkang ngagem bathik *motif* pace menika kathah, mliginipun masarakat kitha Pacitan ingkang *dihimbau* kangge ngagem bathik menika. Kathah tiyang ingkang nyambut damel wonten pawiyatan ugi *kantor* ngagem bathik menika, awit sasanesipun nglestantunaken kabudayan ugi saged nepangaken dhateng tiyang sanes bilih kitha Pacitan gadhah bathik ingkang *khas*.



Tuladhanipun *gambar* wonten nginggil inggih menika *pegawai* SMK N 1 Nawangan ngagem bathik kanthi *motif* woh pace kangge *seragam* ing nalika mucal.



Presiden Indonesia ingkang kaping 6, Susilo Bambang Yudhoyono sarta garwanipun Ibu Ani Yudhoyono ugi ngagem bathik kanthi *motif* pace, awit saking menika bathik *motif* pace saged misuwur.



Tiyang ingkang saking negari ngamanca ugi mundhut Bathik *motif* pace ing Bathik Saji Pacitan. Ateges bathik Saji Pacitan *motif* pace sampun misuwur.

#### d. Kawontenan Industri Bathik ing Kitha Pacitan

Industri bathik ing kitha Pacitan inggih menika wonten 3 papan, inggih menika Bathik Saji Pacitan, Bathik Tengah Sawah saha Bathik Srikandhi. Sadaya

industry menika memproduksi bathik kanthi *motif* Pace.

- Bathik Saji Pacitan, sampun madeg saking taun 1990. Papanipun wonten desa Sukoharjo Kecamatan Pacitan. Ingkang gadhah inggih menika Bu Saji sarta garwanipun.
- Bathik Tengah Sawah, sampun madeg saking taun 2003. Papanipun wonten desa Wiyoro Kecamatan Ngadirojo. Ingkang gadhah Bathik Tengah Sawah menika Bapak Budi Raharjo saha garwanipun, Ibu Retno Raharjo. Bathik menika gadhah nama Bathik Tengah Sawah amargi papanipun wonten ing tengah-tengah sabin.
- Bathik Srikandhi, mapan wonten desa Arjowinangun kecamatan Pacitan sampun madeg saking taun 1976 ingkang dados usaha kulawarga *turun-temurun*. Bathik menika ugi damel bathik kanthi cara tulis, ingkang gadhah *motif* mawarni warni. Bathik Srikandi sampun ndherek *pameran* wonten kitha sanes ugi, satemah *pemasaran*-ipun saged langkung wiyar.

#### e. *Motif* Bathik Pacitan

Motif bathik Pacitan menika kathah sanget, para pangripta *motif* menika gadhah kathah *ide* kangge tansah ngrembakakaken bathik ingkang *khas* saking kitha Pacitan. Bathik ingkang *khas* saking kitha Pacitan menika ingkang dipuntepang *motif* kanthi

woh pace, woh pace gadhah *nilai sejarah* tartamtu ingkang dados mula bukanipun kitha Pacitan. *Motif-motif* bathik ing kitha Pactan inggih menika:

- *Motif* Lung-Lung Ayu Pace
- *Motif* Kisah Kasih
- *Motif* Sekar Cengkeh
- *Motif* Citra Goa Gong
- *Motif* Gunung Limo
- *Motif* Pace Tawang Wetan
- *Motif* Wijaya Kusuma
- *Motif* Tumpeng Badra
- *Motif* Mina Tuna Pacitania
- *Motif* Mina Crab Jalanidi
- *Motif* Wayang Beber
- *Motif* Kupu saha Pace
- *Motif* Klasik Lawasan

#### f. **Makna Simbolik Bathik Saji**

##### **Pacitan *Motif* Pace**

Bathik Saji Pacitan ingkang *motif* pace menika sampun misuwur utaminipun wonten kitha Pacitan, *motif* ingkang dipundamel menika ugi gadhah *nilai filosofis* saha *makna* ingkang sae. *Motif* menika dipundamel amargi wonten gayutipun kaliyan sejarah kitha Pacitan, *motif* woh pace kados ing ngandhap menika.



*Motif* menika wonten ron pace saha woh pace. Ron pace nggambaraken bilih sakiwa tengenipun kitha Pacitan taksih kathah wit-witan ingkang *asri*. Woh pace minangka *motif* bathik khas saking kitha Pacitan, awit saking *nilai sejarah* saking kitha Pacitan.



*Motif* menika wonten woh pace minangka *simbol* kitha Pacitan awit saking wonten *sejarah* ing salebeting *motif*. Wit pace ingkang manglung nambah kaendahan *motif*. Ron wit pace nggambaraken bilih kitha Pacitan kathah wit-witan. Sekar pace nggambaraken bilih woh pace subur.



*Motif* menika wonten ulam wonten gisik Tawang menika kathah, ulam menika dipun-manfaatkan dening masarakat dipunsade saha dipun-konsumsi. Woh pace saha ron menika nggambaraken *simbol* saking kitha Pacitan.



*Motif* menika wonten kupu ingkang dipun-kombinasi kaliyan pace, *motif* menika nggambaraken ing kitha Pacitan taksih asri.

**g. Gayutipun Makna Simbolik Bathik Saji Pacitan Motif Pace Kaliyan Mula Bukanipun Kitha Pacitan**

Bathik *motif* pace kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan inggih menika awit wontenipun sejarah saking woh pace ingkang dados nama pokok kitha Pacitan saha kangge ngemut-emut bilih ing kitha Pacitan menika wonten kadadosan saking Tumenggung Setroketipo ingkang mbiyantu Sultan Hamengkubuwono I nalika ngraosaken badanipun boten sekeca, awit saking pambiyantu Tumenggung Setroketipo Sultan Hamengkubuwono I sehat malih. Amargi sampun mbiyantu Sultan, Tumenggung Setroketipo dipundadosaken Bupati wonten kitha ingkang naminipun Pacitan, pramila lajeng wonten reka daya kangge ngenget-enget

mula bukanipun kitha Pacitan menika pace dados *simbol* ingkang kapendhet saking sejarah.

*Simbol* menika lajeng kagarap dening Ibu Saji ingkang dipunparingi mandhat saking Bapak Bupati ingkang salajengipun dipunrembakakaken ing bathik, upaya menika dipuntampi kaliyan masarakat ing kitha Pacitan ingkang ugi ndherek nglestantunaken. Kanthi wontenipun bathik *motif* woh pace masarakat ingkang ngagem saged nepangaken dhateng tiyang sanes, satemah ingkang ngagem ugi gadhah raos *bangga* amargi ngagem bathik ingkang asli saking kitha Pacitan.

**h. Paedah Bathik Saji Pacitan Motif Pace saha Gayutipun kaliyan Mula Bukanipun Kitha Pacitan**

Bathik Saji Pacitan katampi masarakat kanthi sae, malah saged mbiyantu ing saperangan prakawis. Paedah bathik kanthi *motif* pace saha gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan dipunperang dados sekawan, inggih menika paedah *sosial*, paedah *ekonomi*, paedah kabudayan saha paedah ing *pariwisata*. Paedah-paedah kasebut dipunandharaken ing ngandhap menika:

**1. Paedah Sosial**

Paedahipun ing bab *sosial* inggih menika masarakat kitha Pacitan kathah ingkang nepangaken bathik dhateng tiyang sanes, tiyang ingkang tindak dhateng kitha Pacitan pados bathik *motif*

pace satemah saged tepang kaliyan tiyang sanes.

## 2. Paedah *Ekonomi*

Paedah *ekonomi* saking wontenipun bathik *motif* pace menika saged *meningkatkan kesejahteraan* masarakat awit ingkang *pengangguran* ugi saged nyambut damel, manawi kathah pesenan saged nambahi *penghasilan*-ipun.

## 3. Paedah Kabudayan

Paedah kabudayan saking bathik *motif* pace menika minangka pralambang kabudayan adiluhung ingkang tansaya ngrembaka ing samenika, utaminipun masarakat kitha Pacitan tamtu nglestantunaken awit saking raos tresnanipun kangge kabudayan menika.

## E. DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

### Dudutan

1. Mula bukanipun kitha Pacitan dipunwiwiti saking perang Palihan Nagari nglawan Walandi, Pangeran Mangkubumi keplajeng dumugi alas wetan Baturetno. Wonten papan menika dayanipun sampun telas. Pangeran Mangkubumi nyuwun dhateng Ki Setroketipo rucuh pace. Sanalika Pangeran Mangkubumi sehat malih. Pangeran Mangkubumi lajeng nyuwun pambiyantu saking kitha sanes kangge perang nglawan Walandi malih. Ing paprangan menika Pangeran Mangkubumi menang. Sasampunipun setunggal taun Sultan mengeti

anggenipun menang paprangan, ing adicara menika Sultan maringi bebungah marang tiyang ingkang sampun biyantu arupi dipunangkat jabatanipun, ananging Ki Setroketipo boten dipunparingi bebungah. Mlebet taun kaping tiga Ki Setroketipo *berontak* dhateng Sultan. Sultan ingkang boten remen badhe ngukum tiyang ingkang *berontak* kanthi ukuman *penggal*. Dugi titi mangsanipun Ki Setroketipo, panjenenganipun nyuwun rucuh pace ingkang dipunwadhahi bathok klapa. Sauntawis Sultan kemutan, saha gadhah raos getun. Ngengingi prakawis menika Sultan maringi bebungah kangge Ki Setroketipo arupi dados Bupati Pacitan saha garwa selir Nimas Ayu Nitisari. Nama Pacitan dipundamel saking kalih tembung inggih menika tembung “pace” saha “wetan”, dados tembung pacetan ewah dados “Pacitan”.

2. Bathik Saji Pacitan inggih menika salah satunggaling *home industri* bathik ingkang wonten kitha Pacitan, sampun madeg saking taun 1990 dumugi samenika. Bu Saji, panjenenganipun saged mbathik amargi wonten kulawarganipun sampun dados budaya ingkang *turun-temurun* saking tiyang sepuhipun.
3. *Motif* Bathik Kitha Pacitan

*Motif* bathik kitha Pacitan inggih menika:

- *Motif* Lung-Lung Ayu Pace
  - *Motif* Kisah Kasih
  - *Motif* Sekar Cengkeh
  - *Motif* Citra Goa Gong
  - *Motif* Gunung Limo
  - *Motif* Pace Tawang Wetan
  - *Motif* Wijaya Kusuma
  - *Motif* Tumpeng Badra
  - *Motif* Mina Tuna Pacitania
  - *Motif* Mina Crab Jalanidi
  - *Motif* Wayang Beber
  - *Motif* Kupu saha Pace
  - *Motif* Klasik Lawasan
4. *Motif* woh pace menika tamtunipun gadhah *makna* ing salebeting *motif* menika. *Makna* menika katingal sanget saking *motif*-ipun, *makna simbolik* bathik *motif* woh pace wonten gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan. *Makna simbolik* ingkang wonten bathik  *khas* kitha Pacitan menika dipundamel supados kita sadaya tansah emut marang *sejarah* ingkang sampun kacipta.
5. Gayutipun *makna simbolik* bathik *motif* pace kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan inggih menika saking *sejarah* kitha Pacitan ingkang wonten pramila dipundamel bathik ingkang wonten gayutipun kaliyan perangan ing *sejarah* kitha Pacitan. Perangan kasebut inggih menika woh pace,

dipunwiwiti saking woh pace saged ngasilaken budaya sanes ingkang asli saking kitha Pacitan.

6. Paedah saking *makna simbolik* bathik *motif* woh pace saha gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan menika wonten mapinten-pinten kados ta masarakat kitha Pacitan gadhah pakaryan ingkang mumpangat, menapa malih menawi *produksi* bathik menika tansaya ngrembaka, masarakat kitha Pacitan ugi tansah nglestantunaken kabudayan ingkang sampun dipundamel.

### **Implikasi**

Asiling panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *sejarah makna simbolik* bathik kanthi *motif* woh pace ingkang wonten gayutipun kaliyan mula bukanipun kitha Pacitan ugi ngudhari *sejarah* kasebut. Panaliten menika samangke wonten ing pasinaon basa Jawi saged nambah seserepan bab kabudayan mliginipun bathik.

### **Pamrayogi**

*Data* ingkang dipunpangguhaken ing sadangunipun panaliti nindakaken panaliten menika kadhang kala ewah, mliginipun bab *motif*. Pramila kangge panaliti salajengipun utawi panaliti ingkang gadhah gegayutan kaliyan panaliten menika kedah pados *informan* ingkang mangretos sanget dhateng *informasi* ingkang badhe dipunpadosi.

## KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsini. 2002. *Prosedur Suatu Penelitian: Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Dofa, Anesia Aryunda. 1996. *Bathik Indonesia*. Jakarta: PT. Golden Terayon Press

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik, Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Gandawardaja, R. 1935. *Babad Patjitan*. Bale Poestaka Batavia Centrum

Gulo, W. 2002. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Grasindo

Handoyo, Joko Dwi. 2008. *Batik dan Jumputan*

Herususanto, Budiono. 2003. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Sleman: PT. Macanan Jaya Cemerlang

Karmila, Mila. 2010. *Ragam Kian Tradisional Nusantara (Makna, Simbol, dan Fungsi)* Jakarta: Bee Media.

Lisbijanto, Herry. 2013. *Batik*. Yogyakarta: Graha Ilmu

Moleong, J. Lexy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya

Moloeng, J. Lexy. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif* (Revisi Ed.). Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Muhadjir, Noeng. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi IV*. Yogyakarta: Penerbit Rake Sarasin

Prasetyo, M. Sc Anindito. 2010. *Batik Karya Agung Warisan Budaya*

Dunia. Yogyakarta: Pura Pustaka

Rahyono, F. X. 2009. *Kearifan Budaya dalam Kata*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra

Soehartono, Irawan. 2002. *Metode Penelitian Sosial*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta. Surono.

Sunardi, S. Pd. M. Si. 2011. *Para Priyagung Ingkang Angasta Bupati Pacitan*. Pacitan

Zuhriah, Nurul. 2007. *Metodologi Penelitian Sosial dan Pendidikan*. Jakarta: PT. Bumi Aksara

Portal Pacitan, 2017, *Fakta Sejarah dan Asal-Usul Nama Pacitan*, <http://www.portalpacitan.com/2017/02/fakta-sejarah-dan-asal-usul-nama-pacitan.html> dipun-akses tanggal 26 November 2017

Suwarto, 2014, “Batik Saji” tinggalkan Bathik Klasik Tradisional Pacitan, <http://www.pikiranrakyat.com/seni-budaya/2014/07/03/287934/batik-saji-tinggalkan-bathik-klasik-tradisional-pacitan> dipun-akses tanggal 25 November 2017.

Instagram. @dans\_eko <https://www.instagram.com/p/BJpCKsqgRqo/> dipun-akses tanggal 25 Januari 2018



